QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62
No'kis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62
Tel: (0-361) 2222437, 2229520: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

12 - Апрель 2021-jıl/yil. № 01-02/1-1830

**Ўзбекистон Республикаси**
**Халқ таълими вазирлигига**

Кўчирмаси:

**Тахиатош тумани, Абдамбетов кўчаси 4-уй, 4-квартирада яшовчи фуқаро Э.Кадировага**

Қорақалпоғистон Республикаси, Тахиатош тумани, Абдамбетов кўчаси 4-уй, 4-квартирада яшовчи фуқаро Э.Кадирова-Тахиатош тумани 10-сонли умумий ўрта таълим мактабида тарих фани ўқитувчиси бўлиб фаолият кўрсатади. 2013 йили К.Убайдуллаев номидаги ҚРПКҚТваМО институтида "Бошланғич синф ўқитувчиси" мутахассислиги бўйича 576 соатлик қайта тайёрлаш курсида ўқиб, тегишли диплом олган. Бошланғич синф ўқитувчиси мутахассислиги бўйича ўтган давр ичида малака ошириш курсдан ўтмаган. Ўзининг аосий тарих фани ўқитувчиси мутахассислиги бўйича 2017 йили малака ошириш курсидан ўтказилган.

Фуқаро Э.Кадированинг аризасида келтириб ўтилганидек, ҳақиқатданда, мактабнинг бошланғич синф ўқитувчиси Д.Кулбаева 2021 йил 4 январ куни мактаб директорининг 1-сонли буйруғи билан ҳомиладорлик ва туғиш таътилига юборилган. Мактабнинг тарих фани ўқитувчиси Э.Кадирова ҳомиладорлик ва туғиш таътилига кетган Д.Кулбаеванинг 3а-синфдаги 13 соатини ва синф раҳбарлигини ўзига бекитиб бериш бўйича ариза билан мурожаат қилган. Ушбу аризага асос мактаб директорининг жорий йил 9-январдаги 7-сонли буйруғи билан ҳомиладорлик ва туғиш таътилига кетган Д.Кулбаеванинг 3а-синфдаги дарслари ва синф раҳбарлиги вақтинча фуқаро Э.Кадировага берилган.

Мактабнинг бошланғич синф ўқитувчиси Б.Зияева ушбу масала бўйича ўзининг норозилигини билдириб, Тахиатош тумани халқ таълим бўлимига ариза билан мурожат қилган ва ушбу масала мактабнинг жорий йил 22 январдаги навбатдан ташқари педагогик кенгашида муҳокам қилиниб, ҳомиладорлик ва туғиш таътилига кетган Д.Кулбаеванинг 3а-синфидаги дарсларини жорий ўқув йилининг 3-чорагида вақтинча ўқитиш Э.Кадировага, 4-чоракда вақтинча ўқитиш Б.Зияевага берилиш бўйича қарор қабул қилинган. Мактабнинг 3а-синфидаги ҳомиладорлик ва туғиш таътилига кетган Д.Кулбаеванинг дарсларини вақтинча 3-чорак давомида Э.Кадирова тўлиқ ўқитиб келган.

Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими, Молия ва Соғлиқни сақлаш вазирликларининг 2020 йил 30 июндаги "Умумий ўрта таълим муассасаларида синфларни комплектлаш ва тарификация тизимини шакллантириш тартиби ҳақидаги низомни тасдиқлаш ҳақида" қўшма қарори *(Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлигидан 2020 йил 30 июнда 3271-сон билан давлат рўйхатидан ўтказилган)* билан тасдиқланган низомга асос диплом бўйича мутахассислиги бошланғич синф ўқитувчиси бўлган Б.Зияевага жорий ўқув йилининг 4-чорагидан бошлаб 3а-синфдаги ҳомиладорлик ва туғиш таътилига кетган Д.Кулбаеванинг

дарсларини вақтинча ўқитиш белгиланган. Ушбу масала бўйича мактаб директорининг жорий йил 1 апрелда 43-сонли бўйруғи қабул қилинган.

Фуқаро Э.Кадированинг жорий йилнинг 9 март куни Қорақалпоғистон Республикаси Халқ таълими вазирлигига, 12 январ куни Қорақалпоғистон Республикаси Прокуратураси ва Халқ таълими вазирлигига ёзган такрорий аризалари белгиланган тартибда ўрганиб чиқилиб, натижалари бўйича вазирлик томонидан фуқарога жорий йилнинг 18 март куни 01-02/1-1327- ва 23 март куни 01-02/1-1384-сонли хатлари билан тегишли тартибда жавоблар берилди.

Фуқаро Э.Кадированинг аризаларига мувофиқ Тахиатош тумани 10-сонли умумий ўрта таълим мактабида олиб борилган ўрганиш натижаларига асос мактаб директори О.Абдихаликовнинг ўз лавозим мажбуриятларини олиб боришда юборган хато камчиликлари учун Қорақалпоғистон Республикаси Халқ таълими вазирининг 2021 йил 7 апрелдаги 22-ИЖ-сонли бўйруғи билан Ўзбекистон Республикаси Меҳнат кодексининг 181-моддасининг 1-бандига асос “Ҳайфсан” жазо чораси кўрилди.

Фуқаро Э.Кадировага мурожаатини кўриб чиқилиши натижасидан норози бўлган тақдирда юқори турувчи ташкилотларга мурожаат қилиши мумкинлигини билдирамиз.

Илова: Фуқаро Э.Кадировага Қорақалпоғистон Республикаси Халқ таълими вазирлиги томонидан юборилган жорий йилнинг 18 март кунги 01-02/1-1327- ва 23 март кунги 01-02/1-1384-сонли хатлари, тегишли тартибда тузилган далолатнома илова қилинади.

**Вазир** **Р.Реимов**

Ижрочи: М.Даулбаев
Тел: 612222465

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

3/25527 -son KVITANSIYA

(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)

buyurtma 3 п. ____________ qabul qilishda

(jo`natma turi) (alohida belgisi)

Qayerga Ташкентс района

Kimga Э Кадирова

Og`irlik 1200 g.

Jo`natish uchun to`lov 8750 so`m ________ tiyin

Qabul qildi ________

(imzo)

---

O`zbekiston Respublikasining «Pochta aloqasi to`g`risida»gi Qonuniga muvofiq pochta aloqasi obyektlari berilgan kundan boshlab 6 oy davomida qabul qilingan pochta jo`natmalari uchun javob beradilar

NUKUS 3 QORAQALPOG'ISTON RESP.
14 04 21

(berilgan joy taqvim shtempli izi)

# А К Т

«9» апрель 2021-жыл Тақыятас районы

Дүзиледи усы акт төмендегилер қатнасында:

М. Даулбаев ҚР ХБМлигиниң улыума орта билим бериў мәк. жумыси мудири бөлиминиң бас қәнигеси.

Б. Рамяров Нөкис қаласының 17-санлы мектеп ОТИБДО

С. Алланазарова Тақыятас РХББ юрисконсульт

Г. Алеетова Тақыятас РХББ басл. кл б/ша методисты

Акт мазмунытөмендегише

Тақыятас рай/ның 10-санлы у.о.б.б. мек/ң тарийх пәни муғ/и Э. Кадированың усы жыл/ң 2-апрель күнги Өзб. Рес ХБМлигиниң „Исеним телефоны"на, 6-апрель күни Өзб. Рес бас прокуратурасы, ХБМлиги, ҚР Прокуратурасы ҳ ХБМлигине, 7-апрель күни Өзб. Р Президенти „Ис. телефонына" еткен мурәжааты б/ша ҚР. ХБ Мин/ң 2021-жыл 8-апрельдеги 93-санлы буйрығы тийк/да исши топар үй/ў жумы/н алып барылды. Үй/ў жумы/ы барысында Э. Кадирова хабардар етилди. Бул пухара/ң мур/да келт/ген мәс/р буннан алдын усы жылдың 9-ҳәм 12-март күн/и жазған мур/де толық жуўап берил/ги түс/п өтилди. Бул пухара өзине бер/ген жуўаптан қанаатланбай/ғын, нызамсыз б/сада рай/ның 10-санлы у.о.б.б. мек/ги 3ª клас/ң 13 саат сабағын бериў к/клигин талап етти. Бул пухара басл. кл б/ша 2013-ж қайта таярл. курс/нан өтк/ген, буннан соң уқыпа басл. кл. б/ша қән. арт/ў курсына оқымағанлығы себ/ли дир. буйрығы м/н қәнигелик муғ/ге берсел/ги түс/ди. Э. Кадирова өзи/ң мур/н б/ша түсиник хат жазып бериўден бас тартты ҳәм тийисли тәртипте акт дүзилди.

Акт қатнасыўшыларға даўыслап оқып еситтиирилди, дурыслығына қол қойыўшылар:

1. ________ М. Даулбаев
2. ________ С. Алланазаров
3. ________ Г. Алеетова
4. ________ Б. Рамяров
5. ________ ________

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62 No'kis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Tel: (0-361) 2222437, 2229830: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

18 - Март 2021-jıl/yil. № 01-02/1-1327

**Тақыятас районы, Абдамбетов көшеси 4-үй, 4-квартирада жасаўшы пуқара Э.Кадироваға**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри атына усы жылдың 9-март күни «Тақыятас районлық 10-санлы улыўма орта билим бериў мектеби администрациясының нызамсыз ҳәрекетлерине наразылығыңыз бойынша» жазған мүрәжатиңиз бойынша төмендегилерди мәлим етемиз.

Сизиң мүрәжатиңиз тийкарында Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң усы жыл 10-марттағы 70-санлы буйрығы менен исши топар қурамы дүзилип, өз нәўбетинде 12-март күни Тақыятас районлық 10-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде өзиңизди хабарлаған ҳалда хызмет тексериўи жумысларын алып барды. Тексериў барысында төмендегилер аныққланды.

1. Ҳақыйқатында, мектептиң баслаўыш класс муғаллими Кулбаева Дина 2021-жыл 4-январь күни мектеп директоры (О.Абдихаликов)ның 1-санлы буйрығы менен ҳәмледарлық ҳәм туўыў дем алысына жиберилген. Мектептиң баслаўыш класс муғаллими Э.Кадирова 2021-жыл 8-январь күни декрет дем алысына кеткен Д.Кулбаеваның 3а-кластағы саатларын ҳәм класс басшылығын өзине бекитип бериўди соранып мектеп директорына арза менен мүрәжат еткен. Усы арзаға тийкарланып мектептиң 2021-жыл 9-январь күнги 7-санлы буйрығы менен декрет дем алысына кеткен Д.Кулбаеваның 3а-класстағы саатлары ҳәм класс басшылығы ўақытша Э.Кадироваға бекитип берилген. Мектептиң баслаўыш класс муғаллими ҳәм баслаўыш класс метод бирлеспе баслығы Б.Зияева мектеп директорының атына 2021-жыл 11-январь күни декрет дем алысына кеткен Д.Кулбаеваның 3а-кластағы саатлары ҳәм класс басшылығын өзине сорап арза жазған. Мектеп директоры арзаны қанаатландырмаған. Сол себепли Б.Зияева Тахиаташ районлық ХББ баслығына арза менен мүрәжат етеди. Тахиаташ районлық ХББ ниң 2021-жыл 14-январьдағы 34-санлы хаты менен Б.Зияеваның мүрәжатин үйренип шығыў ушын мектепке жибереди. 2021-жылы 22-январь күни мектептиң гезектен тыс 2-санлы педагогикалық кеңес өткерилип Д.Кулбаеваның 3а-кластағы саатлары ҳәм класс басшылығы 3-шерек даўамында ўақтынша Э.Кадироваға, ал 4-шерек даўамында ўақтынша Б.Зияеваға оқытыў ушын жүклеп береди. Бирақ, мектеп директоры тәрепинен буйрық шығарылмаған.

Мектеп директоры О.Абдихаликов 2021-жыл 1-февральдан мийнет дем алысына кеткен. Мектеп директоры ўазыйпасын 1-февральдан баслап ўақтынша атқарыў мектептиң Руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасары Д.Тойлыевқа жүклетилген. Өз нәўбетинде мектеп директоры ў.ў.а. Д.Тойлыевта 2021-жыл 1-февральда 16-санлы буйрығы менен декрет дем алысына кеткен Д.Кулбаеваның 3а-кластағы саатлары ҳәм класс басшылығы ўақытша Э.Кадироваға бекитип берген.

Бул жерде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 13-августтағы «Халық билимлендириў системасында үзликсиз методикалық хызмет көрсетиў жумысларын еледе раўажландырыў ҳаққында» ғы 183-санлы буйрығының 1-қосымшасы менен тастыйықланған «Улыўма орта билим бериў мектеплери муғаллимлерине үзликсиз методикалық хызмет көрсетиў тәртиби» ниң 2-бап, 6-бәнтиниң 8-хат басында көрсетилген талапларға әмел етилмеген. Мектеп директорының сабақларды муғалимлерге бериў бойынша қабыл еткен буйрығы нызамға қайшы шығарылған.

2. Ҳақыйқатында, ҳәзирги ўақытта мектептиң оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасары Ш.Язова ҳәм онын өмирлик жолдасы Ғ.Абдуллаев мектепте баслаўыш класс муғаллими болып бирге жумыс ислеп атыр. Г.Абдуллаев 1998-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик

университетиниң Туркмен тили ҳәм әдебияты қәнигелигин питкерген 1998-жыл 17-августтағы 11-санлы буйрық пенен усы мектепке(сол ўақыттағы 35-санлы мектеп) жумысқа алынған. 2007-жылы К.Убайдуллаев атындағы Қарақалпақстан Республикасы педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин арттырыў институтында «Баслаўыш класс оқытыўшылары» қайта таярлаў курсында билим алып оған баслаўыш класс пәнинен сабақ бериўи ушын диплом берилген.

Булардың мектепте биргеликте жумыс ислеўи Мийнет Кодексиниң 79-статьясына қайшы келмейди. Себеби, Ш.Язова мектепте мектеп басшысы емес. Бул бойынша Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1997-жыл 11-марттағы 133-санлы қарарының 3-қосымшасы менен тастыйықланған «Қарындас-ағайинлердиң бирге ислеўлерин шеклеў ҳаққындағы қағыйдалардан шығарып таслаўға жол қойылыўы мүмкин болған мәмлекетлик кәрханалары хызметкерлериниң дизими»нде көрсетип өтилген. Ғ.Абдуллаевтың мектептеги ис-ҳәрекети бойынша үйрениў дәўиринде мектепте бар болған педагог хызметкерлер өз түсиник хатларында Ғ.Абдуллаевтың арзада көрсетилген ис-ҳәрекетлерди ислемегенлиги ҳаққында билдирген.

3. Мектепте ҳәзирги ўақытта ЖШШТ лаўазымында ҳақыйқаттанда НМПИ нын Сырткы бөлимин 2020-жылы «Мусиқа таълими» қәнигелиги бойынша питкерип шыққан Овлякулиев Амангелди ислеп келмекте. Мектеп директорының 2017-жылы 11-сентябрьдеги «А.Овлякулиевке 10-11-класларда өтилетуғын Жасларды шақыраққа шекем таярлаў сабақларын оқытыўға берилсин» деп 86/1-санлы буйрығы шығарылған. Мектеп директоры О.Абдихаликовтың усынысы ҳәм Хожели районы Қорғаныў бөлиминиң келисими менен директордың 2018-жыл 17-октябрьдеги «2018-жылы 2-октябрь күнинен 1 штат жасларды шақырыққа шекем таярлаў лаўазымы ашылғанлығы себепли мектептиң музыка пәни муғаллими А.Овлякулиевке бекитилсин» деп 175-санлы буйрығы шығарылған. Бул жерде Өзбекстан Республикасы Қорғаныў, Халық билимлендириў, Жоқары ҳәм орта арнаўлы министрликлериниң2019-жыл 19-январьдағы 3-, 1-, 1қ/қ-санлы қоспа қарарының 6-бәнти талаплары бузылған.

**4.** Ҳақыйқатында, Б.Зияева 1996-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Баслаўыш класс муғаллими» қәнигелигин питкерген. 2017-2018-2019-оқыў жылларындағы муғаллимлердиң тарификациялық дизиминде Б.Зияеваға баслаўыш класстағы саатларға ис ҳақы есапланып келинген. Соның менен бирге, «Муғаллимлер тәрепинен қалдырылған ҳәм қапланған сабақларды дизимге алыў дәптери»нде 2015-жыл январь айында (14.01-31.01.2015) мектептиң қазақ тили пәни муғаллими А.Дощанованың қалдырған саатлары мектепте қазақ тилинен басқа кадр болмағанлығы себепли 5 муғаллимге (математика, баслаўыш класс, рус тили ҳәм МҒИ пәни муғаллимлерине) соның ишинде Б.Зияеваға да ўақтынша саатбай етип берилген. 2013-жыл февраль айында (19.02-28.02.2013) мектептиң рус тили пәни муғаллими М.Артықбаеваның қалдырған саатлары 2 муғаллимге, соның ишинде Б.Зияеваға ҳәм Сизиң өзиңизге де ўақтынша саатбай етип берилген.

**5.** Ҳақыйқатында, 2021-жыл 20-январь күни мектептиң баслаўыш класс метод бирлеспесинде гезексиз жыйналыс өткерилип оған 7 ағзасы қатнасқан. Жыйналыс қарары менен Д.Кулбаеваның 3а-кластағы саатларын ҳәм класс басшылығы Б.Зияева оқытсын деп қарар шығарған. Бирақ, 2021-жылы 22-январь күни мектептиң гезектен тыс 2-санлы педагогикалық кеңесине метод бирлеспе баслығы усыныс бермеген. Мектепте 22-январьда өткерилген 2-санлы гезексиз педагогикалық кеңеси қарары тийкарында мектеп директорының буйрығы қабыл етилмеген. Яғный, 3а-класындағы сабақты ўақтынша оқытып турыўды Сизге бекиткенлиги бойынша мектеп директоры ў.ў.а. Д.Тойлыевтың 2021-жыл 1-февральдағы 16-санлы буйрығы өз күшинде турыпты. Бул буйрықтан кейин мектепте еле буйрық шығарылмаған.

Мектептиң баслаўыш класс муғаллими Б.Зияева 1996-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Баслаўыш класс муғаллими» қәнигелигин питкерген, 2020-жылы октябрь айында қәнигелигин арттырыў курсынан өткен.

Сиз, 1996-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Тарийх муғаллими» қәнигелигин питкерип, 2013-жылы К.Убайдуллаев атындағы ҚРПКҚТваМОИ да «Баслаўыш класс» қәнигелиги бойынша 576 саатлық қайта таярлаў курсында оқып, диплом алғансыз. Баслаўыш класс бойынша өткен дәўир ишинде қәнигелигин арттырыў курсынан өтпегенсиз. *Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 28-декабрьдеги «Педагог*

*хызметкерлерди қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыўды шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында» ғы 1026-санлы қарарының 3-қосымшасы менен тастыйықланған Режениң 1-бап, 5-бәнтинде педагог кадрлардың қәнигелигин арттырыў курсынан өтиўи 5 жылда кеминде бир мәртебе етип белгиленген.* Сиз өзиңиздиң тийкарғы қәнигелигиңиз болған тарийх пәнинен ғана 2017-жылы январь айында ҚР РХБХҚТҳәмОҚА аймақлық орайында гезектеги қәнигелигин арттырыў курсынан өткенсиз. Тарийх пәнинен қәниге категорияға ийесиз.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Өзбекстан Республикасы Қаржы министрлиги ҳәм Өзбекстан Республикасы ден саўлықты сақлаў министрлигиниң 2020-жыл 30-июньдағы «Улыўма билим бериў мәкемелеринде класларды комплектлеў ҳәмде тарификация дизимин қәлиплестириў тәртиби ҳаққындағы нызамды тастыйықлаў ҳаққында»ғы 3271-санлы қоспа қарарының қосымшасы менен тастыйықланған «Улыўма билим бериў мәкемелеринде классларды комплектлеў ҳәмде тарификация дизимин қәлиплестириў тәртиби ҳаққындағы Реже»ниң 3-бап 15-бәнтинде «Муғаллимлерге сабақ бөлистириўде избе-из көрсетилген көрсеткишлер бойынша сабақлар бөлистириледи» деп көрсетилген.

**6.** Ҳақыйқатында, оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасары Ш.Язова 2017-жыл сентябрь айынан баслап 1 штат бирлигинде ислеп келмекте. 2020-2021-оқыў жылы ушын оқыў режеси 2020-жылы 29-август күни мектеп директоры тәрепинен тастыйықланған. Соның менен бирге, оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасары Б.Оразымбетов 2019-жыл январь айынан баслап 0,5 штат бирлигинде ислеп келмекте. Оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасарларының лаўазымлық ўазыйпалары бөлистирилип берилмеген. Ис режелеринде көрсетилген әмелге асырылатуғын жумысларды тастыйықлаўшы ҳүжжетлери жоқ. Мектептеги 23 класс журналы шнурланбаған ҳәм районлық ХББ тәрепинен дизимге алынып тастыйықланбаған. Бүгинги күнге шекем мектеп басшылары тәрепинен класс журналлары тек 1 мәрте көрип шығылған. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 30-сентябрьдеги 823-санлы қарары бойынша мектепте ислеўши 8 педагог хызметкердиң жумыслары үйренилип шығылған ҳәм үстемелер белгиленген. Ал, басқа педагог хызметкерлердиң үстеме белгилеў бойынша ҳүжжетлер топламы жоқ екенлиги анықланған.

7. Сизиң арзаңыз бойынша үйрениў барысында анықланған кемшиликлерлер тийкарында ҳәзирги ўақытта районлық 10-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы Д.Тойлыев ҳәм оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасары Ш.Язованың өзиниң хызмет лаўазымына немқурайдылық пенен қарағанлығын есапқа алған ҳалда ҳәрекеттеги нызам талапларына сәйкес тәризде тийисли интизамий шара көриў мәселеси Тақыятас районлық халық билимлендириў бөлими ўәкиллиги шеңберинде қарап шығылап, бөлим баслығының 2021-жыл 16-марттағы 91-, 92-санлы буйрықлары тийкарында Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 181-статьясы 1-бөлими менен районлық 10-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы Д.Тойлыев ҳәм оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасары Ш.Язоваларға «Сөгис» интизамий жаза шарасы белгиленген.

Мектеп директоры О.Абдихаликов Тақыятас районлық халық билимлендириў бөлиминиң 2021-жыл 1-февральдағы 48-санлы буйрығы менен 2019-2020-оқыў жылы ушын гезектеги мийнет дем алысына жиберилгенлиги себепли, оның интизамий жуўапкершилик мәселеси ҳәрекеттеги нызамшылыққа муўапық мийнет дем алысынан келгеннен кейин қайта көрип шығылатуғынлығын мәлим етемиз.

Мүрәжатиңизди көрип шығыў нәтийжесинен наразы болсаңыз, жоқары турыўшы уйымларға шағым етиўге ҳақыңыз бар екенлиги түсиндириледи.

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: М.Даулбаев
Тел: 612222465

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62

No'kis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Tel: (0-361) 2222437, 2229830: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

23-Март 2021-jıl/yil.

№ 01-02/1-1384

**Тақыятас районы, Абдамбетов көшеси, 4-жай, 4-квартирада жасаўшы пуқара, районлық 10-санлы мектеп муғаллими Энажон Кадироваға**

Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры ҳәм Халық билимлендириў министри атына усы жылдың 12-март күни жазған арза(тәкирарий тәризде)ңыз Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен белгиленген тәртипте үйренип шығылды ҳәм нәтийжеси бойынша төмендегилерди мәлим етеди.

Сизиң арза(тәкирарий тәризде)ңызда келтирилген ҳалатлар, буннан алдын жазған мүрәжатыңызда да көрсетип өтилген еди. Арзаңызда келтирилген мәселелер бойынша Сизге министрликтиң усы жылдың 18-март күни 01-02/1-1327-санлы хат пенен толық жуўап берилди.

Сондай-ақ, арзаңызда келтирип өтилген «Бизиң мектепте ҳәм Тақыятас районлық халық билимлендириў бөлиминде мәмлекет бюджети пулларын өзлестирип, талан-таражлыққа жол қойылмақта» деген көрсетпеңиз бойынша ҳуқықый баҳа бериўи ушын Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурарасына усы жылдың 18-март күни 01-02/1-1351-санлы хат берилди.

Өзбекстан Республикасының 2017-жыл 11-сентябрьдеги «Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»ғы Нызамының 30-статьясына муўапық «Егер тәкирарий мүрәжатларда жаңадан қатнасыўшы яки жаңадан ашылған ҳалатлар келтирилмеген болса, алдыңғы мүрәжат материалларында болса тексериўлердиң толық материаллары бар болса ҳәм мүрәжат етиўшиге белгиленген тәртипте жуўаплар берилген болса-мүрәжатларды көрип шығыў тоқтатылады» деп көрсетип өтилгенлигин мәлим етемиз.

Мүрәжатиңизди көрип шығыў нәтийжесинен наразы болсаңыз, жоқары турыўшы уйымларға шағым етиўге ҳақыңыз бар екенлиги түсиндириледи.

**Қосымша:** Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурарасына усы жылдың 18-март күни жиберилген 01-02/1-1351-санлы хат Қосымша етиледи

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: М.Даулбаев
Тел: 612222465